

**Inivèsite Kebèk nan Monreyal- Inivèsite Laval (Kebèk, Kanada)
Rechèch sa sibvansyone gras ak Konsèy rechèch nan syans moun Kanada (KRSM)
Soufrans ak dezòd : pale senp, relijyon ak ONG nan kad katastwòf natirel
Faz ankèt**

- 1) Fomilè ki akonpanye gid antretyen an gen kesyon pou idantifye moun yo (laj, kote yo fèt, relijyon,...)
- 2) Gid antretyen an gwoupe kesyon ki pou fè moun yo rakonte listwa yo anfonksyon tèms k ap mennen rechèch la san nou pa tou bay poul

Detay :

Se yon pwojè rechèch kote Gwoup rechèch inivèsite ki baze nan inivèsite Kebèk nan Monreyal ap mennen.

Rechèch sa ap fèt sou dezòd, keseswa dezòd lè gen katstwòf natirèl oubyen pwoblèm ki mele ak entènasyonal oubyen sitiyasyon kriz an Ayiti.

Tematik entreyen yo

0. Kesyon pou idantifye
1. Listwa lavi : deplasman ak souvni timoun, lavi nan kan yo, reyaksyon briksoukou fas ak tranbleman de tè a.
2. Kwayans ak eksperyans lavi : relijyon, atant, fyète, lavi di
3. Ed

Benefisyè/ pa benefisyè

Sa n ap chache : eske pratik ak valè popilè yo sanble oubyen pa kole ditou ak pa sektè imanite a ak sektè relijye a. Diskou pou tout moun konfòme yo/ pou yo pa manyen nannan koze a. Konsyans ke y ap enpoze valè.

PREMYE PATI : ISTWA LAVI

1.1 Deplasman ak souvni lè ou te piti Gwoup fanmi, evènman pozitif, negatif (ki bon , ki pa bon) ak evalyasyon sitiyasyon w an gwo.
Kijanw fè rive nan kan sa?
Fon pale sou laviw avan w te rive ateri kotew ye a: kibo w te abite? Epi ak kiyès ?
Kijan lavi a te ye lè sa ?
Pou pi lwen kijan lavi w te ye lèw te piti ?
Raplem yon bèl moman ou te pase ki te fè w plezi anpil.
Eskew sonje te konn gen anbyans mistè lew te piti ? <u>bagay ou pa ka eksplike</u>
Nan laj timoun ou, eskew te konn santiw menase oubyen pè yon vwazen ?
Rakonte nou moman difisil ou viv deja pandan w te timoun (12-16 lane)
An gwo, eske ou panse sa pi byen oubyen pi mal kounya ?
Kibò ou te chache kòb pou ou degajew ? Kijan w fè konstwi kay sa (ti kay sa) ?
1.2 Lavi nan kan varyab : moun sou moun, rezo ki pa mache pou kont yo, jan relijyon kanpe fas ak dezòd,

otorite
Eske gen lot moun ki te nan menm katye avèw kap viv la?
Ki relasyon ou genyen avèl (avèk yo) ?
Eske gen kote nan kan an nou rankontre kote timoun ka jwe ?
Eske konn gen asanble (reyinion) nan kan? Asosyasyon?
Eske nou santi nou gen ase espas pou nou byen viv?
Eskew panse w gen twop moun nan kan an ?
Eske konn gen mach, manifestasyon, protestasyon, joure nan kan an?
Koman ou konn reyaji lè gen diskisyon / joure ? (kijan ou konn regle sa ?
Lè bagay yo pa bon kiyès ki ede ou ? oubyen ki ka ede w ?
Eske konn gen dezòd nan kan? Kijan w reyaji lè sa rive?

1.3 Reyakasyon briksoukou apre tranbleman tè a
Varyab : espas piblik/ òganize pwòp tèt pa w, tras òganizasyon briksoukou
Rakonte kijannw te viv tranbleman tè a ?
Koman moun yo te debouye yo ansanm ?
Kisa nou te dwe fè de twa jou aprè ?
Eske tout moun te dakò sou sa yo te dwè fè yo ?
Kiyès ki te responsabl ? kiyès ki te dwe responsabl daprè ou ?
Kisa ki chanje depi kèk jou aprè tranbleman tè a ?
San Leta ak ONG yo kisa ki kapab fèt?
Yo pale anpil sou sa kap fèt dwategòch (dezòganizasyon), sa w panse?

Dezyèm Pati- Kwayans ak esperyans lavi

2.1 : Relijyon
Varyab : pratik larelijyon yo, lyen ak vodou ak kretyente, otorite nan la relijyon ak ONG
Lè yon timoun oubyen lòt moun nan fanmi w malad kisa nou fè ?
Poukisa w panse Ayiti rive nan sitiyasyon sa kounya ?
Gen de moun nou rankontre ki di Ayiti gen malediksyon dèyè l , saw panse oumenm ?
Eske gen yon relijyon nan kan ?***
Lannwit, eske nou konn tande moun ap priye?chante ? bat tanbou ?
Eske gen de lè bri konn anpeche w domi ? Oubyen lè se nan legliz moun yo ap chante epi fè gwo kri (priye fò) eske w panse sa deranje vwazen yo ? E oumenm , sa fèw byen ?
Nan kisa moun yo kwè nan kan sa?
Kibò yo ale priye? Yo rete la kote yo ye a oubyen yo ale lot kote?
E oumenm? W al lamès oubyen nan sèvis? Oubyen okenn kote ?
Ou ale chak dimanch oubyen tanzantan ?
Poukisa ou ale ? (gerizon, gran sèvis, rasanbleman, konfesyon oubyen pou lot bagay ?
Aprè chan, prèch, kisa ki gen anko ?
ONG yo konn abòde zafè pratik relijyon nan kan ?

Eske sèvis lame selès yo fè bri ? Yo konn rive fè gerizon ?
Poukisa moun yo ale nan jèn ?
Poukisa yo di se bagay dyab ?
Dè fwa yo di, pòv yo soufri tankou Jezi te soufri sou kwa, ou dakò sa ? sa w panse ?
2.2 : Sa moun yo ap tann
Varyab: kondisyon lavi, espwa/ dezi, diyite
Ou panse moun kap viv isit la yo merite plis/ pi bon ?
Kisa yo merite pou pi bon ?
Gen yon bagay ou pansew te dwe genyen deja men ou poko genyen l ?
Kisa w ta plis renmen genyen ?
Kisa w espere de demen ? (jou kap vini yo)
Kijan w panse jwenn sa w vle yo? Kisa ki ta dwe chanje pou w ta jwenn sa w bezwen yo(sa w vle yo) ?
Kisa ki ta dwe fèt?
Eskew panse aprè tranbleman tè a te gen mwayen/ posiblite pou te refè Ayiti nou vle a ?
Ou panse l twò ta jodi a ?

2.3 : Fyète
Varyab: kondisyon lavi, espwa/ dezi, diyite
Kijan w tap viv anvan ?
Kijan wap viv kounya?
Kisa ki fè w kontan/ fyè?
Fyète sa, se fanmiw ak zanmi w ki bal valè oubyen lòt moun ? yo wè sa ki fè w kontan/fyè a ?
Kisa ki ede w oubyen ki fèw plis byen?
Kisa ki trakasew (fatige w) plis epi kisa ki baw plis fòs?
Yo di depi aprè goudougoudou a (tanbleman tè) mesye yo (papa pitit yo, mesye marye yo) fè pi piti (mwens) bagay, kisa w panse oumenm?
Ou panse Ayiti se peyi ki pòv la, l ap toujou rete konsa oubyen li pa si mal ke sa, yon jou l ap vini rich?
2.4 Lavi di
Varyab: pèsesyon briksosukou katastwòf la, enpresyon dezòd, grangou, toumant pou moun ak fanmi yo , laperèz, soufrans
Jounen jodi a kisa ki fè w strese/ oubyen ki fè w pè?
Kisa malè ye pou ou? (kisa ki malè pou ou)
Kisa ki rann ou (ki fè w) pap viv ak kè kontan ?
Eske w santi yo ka mete nou deyò isit la?
Si sa ta fèt (si w santi sa), eske sa ta vle di se tronpe yo tronpe w (ba w manti)
Moun pòv yo, eske yap viv ak kè kontan?
Moun sa yo (pòv yo) ou panse yo ka chanje bagay yo ?
Ou poko janm kouche yon jou san manje pandan w panse demen p ap miyò, epi demen, tankou yon mirak, ou rive jwenn kichòy? Si sa te rive, rakonte yon ti kras kijan l te ye?
Ou panse pèp Ayisyen an gen plis malè ke pèp Dominiken, Kiben ak pèp Venezyelyen an?

TWAZYEM PATI- ED

3.1 Ed

Varyab : bezwen, klasman bezwen yo, imajinè pou refondasyon, tansyon ant benefisyè ak ONG, onètete, nivo patisipasyon, retisans oubyen refi patisypasyon benefisyè yo, bon ak move benefisyè

Nan moman difisil tankou tranbleman tè 2010 la, eske li nòmal pou yo ede w ? kijan pou yo fèl Kiyès ?

Eske moun ONG yo konnen kijan pou yo ede w ?

Ki moun ki nan bezwen?

Eske te gen moun apre goudougoudou (tranbleman tè a) ki te gen plis bezwen pase yon lòt?

Te gen moun ki tap soufri plis pase yon lòt ?

Eske w panse si yo ede w, fòk ou patisipe tou ?

Le yap oganize reyinyon (konsiltasyon ???) eske w panse w dwe patisipe? Poukisa?

Eske w te santi gen yon moman tout bagay ta pral chanje/ pi bon?

Souvan moun yo di yo oblije remèsye òganizasyon imanitè yo, sa w panse ?

Eske nou dwe toujou rekonèt sa yo fè pou nou (santi nou dwe) ? sa nou resevwa nan men leta, ONG, legliz ?

Eske tout moun rekonesan(santi nou dwe) anvè ONG yo ?

Ou panse ONG yo ale twò bonè?

Nan moman difisil tankou tranbleman tè ak lavi nan kan, eske nou dwe rete trankil oubyen prepare nou pou nou chanje bagay yo ?

Yo di lanfè a se sou tè a li ye, saw panse ?